

PWOGRAM PRE PWOTEKSYON SALE

Kesyon yo Poze Souvan (FAQs)

Administrasyon Ti Biznis (SBA), an konsiltasyon avèk Depatman Trezò a, gen entansyon pou founi gidans adisyonèl apwopriye pou reponn kesyon moun ka p prete ak moun ki bezwen prete konsènan enplemantasyon Pwogram Pwoteksyon Salè (PPS), ki te tabli selon seksyon 1102 nan Lwa Ed, Sekou, ak Sekirite Ekonomik pou Kowonaviris (Lwa CARES oswa Lwa a). Dokiman sa a pral sibi mizajou sou yon baz regilye.

Moun ka prete ak moun ki bezwen prete ka konte sou gidans ke dokiman sa founi sou entèpretasyon SBA nan Lwa CARES la ak sou Lwa Final Enterimè Pwogram Pwoteksyon Salè a (“Lwa Final Enterimè PPS”) ([lyen](#)). Gouvènman Etazini an pa pral mete presyon sou aksyon moun k ap prete lajan PPS ki konfòme yo ak oryantasyon sa,¹ ak Prensip Enterimè Final yo epi tout lòt regleman ki ka vin efektif pi devan nan moman sa.

1. **Kesyon:** Paragraf 3.b.iii nan Regleman Final Enterimè PPS deklare ke moun ka prete a dwe “[k]onfime kantite dola li koute anmwayèn pou pewòl chak mwa pou kalandriye ane ki te pase a nan revize dokimantasyon sou pewòl ki te soumèt avèk aplikasyon moun ki bezwen prete a.” Eske sa fè moun k ap prete a oblije repete kalkil pou chak moun k ap prete?

Repons: Non. Founi yon kalkil egzak sou kou pewòl yo se responsablite moun k ap prete a, epi moun ki bezwen prete a konfime ke kalkil sa yo egzak nan Fòm Aplikasyon Moun ki bezwen prete a. Moun ka p prete yo gen pou devwa pou yo konplete revizyon ak tout bòn fwa, nan yon tan rezonab, sou kalkil yo ak dokiman sipò moun ki bezwen prete a nan sa ki konsène kou pewòl mwayen pa mwa. Pa egzanp, revizyon minimal sou kalkil ki baze sou rapò pewòl ki fèt pa yon espesyalis nan pewòl rekoni epi endepandan ta dwe rezonab. An plis, jan Regleman Final Enterimè PPS la endike, moun k ap prete a ka konfyè li nan sa moun ki bezwen prete a montre, ladan yo sa ki gen pou wè ak montan ki nesèsè pou retire nan valè pewòl y koute.

Si moun k ap prete a idantifye erè nan kalkil moun ki bezwen prete a oswa eleman yo nan dokiman sipò moun ki bezwen prete a manke jistifikasyon, moun k ap prete a ta dwe travay avèk moun ki bezwen prete a pou korije pwoblèm lan.²

2. **Kesyon:** Eske dosye Ti Biznis yo (jan sa defini nan seksyon 3 nan Lwa Ti Biznis la, 15 U.S.C. 632) oblije genyen 500 oswa mwens anplwaye pou yo elijib kòm moun ki bezwen prete nan PPS a?

Repons: Non. Dosye Ti Biznis yo ka elijib kòm moun ki bezwen prete menm si yo genyen plis pase 500 anplwaye, depi yo satisfè definisyon jiridik ak regilatwa pou yon “dosye ti biznis” dapre seksyon 3 nan Lwa sou Ti Biznis, 15 U.S.C. a. 632. Yon biznis kapab kalifye si li satisfè prensip SBA ki baze sou anplwaye yo oswa dimansyon ki baze sou revni ki koresponn ak endistri prensipal li a. Ale nan www.sba.gov/size prensip sou dimansyon endistri a.

¹ Dokiman sa a pa gen fòs ak efè lwa si se pa sou baz lwa ak regleman ke yo chita sou li.

² Kesyon 1 pibliye 3 Avril, 2020.

Adisyonèlman, yon biznis kapab kalifye pou Pwogram Pwoteksyon Salè akòm yon dosye ti biznis si li te pase toude tès yo nan “prensip dimansyon altènativ” SBA aapati 27 Mas, 2020: (1) maksimòm valè global tanjib biznis lan pa depase 15 milyon dola; epi (2) reveni mwayen reyèl apre taks Federal sou revni (ki eskli tout defisi ki te pase) nan biznis la pou de ane fiskal konplè avan dat aplikasyon an pa depase 5 milyo dola.

Yon biznis kapab kalifye kòm yon dosye ti biznis dapre seksyon 3 nan Lwa sou Ti Biznis, 15 U.S.C. 632 a, ka sensèman montre ke li elijib pou prè yo nan PPS nan Fòm Aplikasyon pou moun ki bezwen prete, sofsi li pa elijib pou lòt rezon.

3. **Kesyon:** Eske biznis mwen dwe kalifye kòm yon dosye ti biznis (jan sa defini nan seksyon 3 nan Lwa Ti Biznis la, 15 U.S.C. 632 a) pou li kapab patisipe nan PPS a?

Repons: Non. An plis dosye ti biznis la, yon biznis ka elijib pou yon prè PPS si biznis lan genyen 500 oswa mwens anplwaye ki gen rezidans prensipal yo isit nan Etazini, oswa si biznis la satisfè prensip dimansyon ki baze sou anplwaye pou endistri l ap opere ladan an (si sa aplikab). Konsa tou, prè PPS yo disponib tou pou òganizasyon ki pa pou pwofi ki egzante de taks ki dekri nan seksyon 501(c)(3) nan Kòd Entèn Revni (IRC), òganizasyon veteran ki egzante de taks ki dekri nan seksyon 501(c)(19) nan IRC, ak dosye biznis Tribal ki dekri nan seksyon 31(b)(2)(C) sou Lwa Ti Biznis ki genyen 500 anplwaye oswa mwens ki gen plas rezidans prensipal yo isit nan Etazini, oswa satisfè prensip dimansyon SBA ki baze sou anplwaye pou endistri ke y ap opere ladan an.

4. **Kesyon:** Eske moun ka p prete yo gen obligasyon pou pran yon desizyon endepandan konsènan aplikabilite regleman sou afilyasyon dapre 13 C.F.R. 121.301(f) pou moun ki bezwen prete yo?

Repons: Non. Se responsablite moun ki bezwen prete a pou detèmine ki antite (si gen nenpòt) ki se afilye li epi detèmine kantite anplwaye ki ak moun ki bezwen prete a ak afilye li yo. Moun k ap prete yo gen otorizasyon pou yo konte sou sètifika moun ki bezwen prete yo.

5. **Kesyon:** Eske moun ki bezwen prete yo gen obligasyon pou aplike regleman afilyasyon SBA yo dapre 13 C.F.R. 121.301(f)?

Repons: Wi. Moun ki bezwen prete a dwe aplike lwa afilyasyon an ki disponib nan Prensip Enterimè Final sou Afilyasyon na SBA a. Yon moun ki bezwen prete dwe sètifye sou Fòm Aplikasyon Moun ki bezwen prete ake moun ki bezwen prete a elijib pou resevwa yon prè PPP, epi sètifika sa vledi ke moun ki bezwen prete a se yon dosye ti biznis jan sa defini nan seksyon 3 nan Lwa Ti Biznis la (15 U.S.C. 632), satisfè prensip dimansyon ki baze sou anplwaye oswa baze sou revni an, oswa pase tès yo nan prensip dimansyon altènativ, apre aplikasyon lwa afilyasyon yo, si li aplikab. Esklizyon afilyasyon aktyèl SBA a aplike pou PPS a, ki enkli, pa egzantp esklizyon dapre 13 CFR 121.103(b)(2).

6. **Kesyon:** Regleman afilyasyon an ki baze sou dwa pwopriyete (13 C.F.R. 121.301(f)(1) deklare ke SBA pral konsidere yon gwoup investisè minoritè nan yon biznis pou kontwòle biznis lan si gwoup investisè a genyen dwa pou anpeche yon kowòm oswa yon lòt fason bloke aksyon pa konsèy direktè ak gwoup investisè yo. Si yon gwoup investisè definitivman renye dwa sa yo, eske li pral toujou konsidere kòm yo afilye nan biznis lan?

Repons: Non. Si yon gwoup envestisè minoritè nan yon biznis irevokableman abandone oswa renonse ak nenpòt dwa egzistan ki espesifye nan 13 C.F.R. 121.301(f)(1), gwoup envestisè minoritè apa ta dwe kontinye rete kòm yon afiilye nan biznis la (ak sipozisyon ke pa gen okenn lòt relasyon ki touche règleman afilyasyon yo).

7. **Kesyon:** Lwa CARES la eskli nan definisyon kou pewòl la nenpòt konpansasyon anplwaye ki depase yon salè anyèl \$100,000. Eske esklizyon sa aplike pou tout benefis anplwaye ki gen valè monetè?

Repons: Non. Esklizyon sou konpansasyon ki depase \$100,000 anyèl la aplike sèlman pou konpansasyon lajan, men pa benefis ki pa lajan, tankou:

- kontribisyon anplwayè nan plan retrèt pou benefis ki defini oswa pou plan retrèt pou kontribisyon defini;
- peman pou kontinye founi egzanp ki gen ladan kouvèti swen sante an gwoup, sa ki enkli premyòm, epi
- peman pou taks leta ak lokal ki evalye sou konpansasyon pou anplwaye.

8. **Kesyon:** Eske prè PPS yo kouvri konje maladi peye?

Repons: Wi. Prè PPS yo kouvri kou pewòl, sa ki enkli kou pou vakans anplwaye, konje peye pou paran, fanmi ak maladi. Sepandan, Lwa CARES la eskli salè vakans pou fanmi oswa maladi ki kalifye si deja genyen kredi pou sa dapre seksyon 7001 ak 7003 nan Lwa Repons Inisyal Fanmi pou Kowonaviris la (Lwa Piblik 116-127). Aprann plis konsènan Kredi Ranbousab pou Konje Maladi Peye [la a](#).

9. **Kesyon:** Ti biznis mwen an se yon biznis an sezon ki gen plis aktivite soti Avril rive Jen. Konsiderasyon aktivite apati peryòd sa a t ap reprezante yon imaj pi egzakt sou operasyon biznis yo. Sepandan, ti biznis mwen an pa te vrèman rive pran vitès li avan 15 Fevriye 2020. Eske mwen toujou elijib?

Repons: Nan evalye elijiblite yon moun ki bezwen prete, moun k ap prete a ka konsidere si yon biznis sezonye te an operasyon apati 15 Fevriye 2020 oswa pou yon peryòd 8-semèn ant 15 Fevriye, 2019 ak 30 Jen, 2019.

10. **Kesyon:** Kisa ki ka pase si moun ki elijib pou prete a sou kontra ak yon peyè endepandan pou founi sèvis pewòl li oswa yon Oganizasyon Anplwayè Pwofesyonèl (PEO) pou asire pewòl ak rapò taks sou pewòl?

Repons: SBA rekonèt ke moun ki elijib pou prete yo ka itilize PEO y swa lòt founisè sèvis pewòl anba obligasyon lwa anrejistreman kèk eta pou rapòte salè ak lòt done sou Nimewo Idantifikasyon Anplwayè (EIN) pou PEO oswa founisè sèvis pewòl. Nan ka sa yo, dokimantasyon pewòl founisè sèvis pewòl lan bay la ki endike montan salè ak taks sou pewòl ki rapòte bay IRS pa founisè sèvis pewòl la pou anplwaye moun ki bezwen prete a pral konsidere kòm dokimantasyon pewòl akseptab pou prè PPP a. Enfòmasyon pètinant apati yon kalandriye (Schedule R) (Fòm 941), Fòm Kalandriye Alokasyon pou Regwoupman Deklaran 941, atache ak Fòm 941 pou PEO oswa lòt founisè sèvis pewòl, Deklarasyon Enpo Federal Trimestriyèl Anplwayè a, ta dwe itilize si li disponib; adefo, moun elijib ta dwe jwenn yon deklarasyon apati founisè sèvis pewòl la ki dokimante

montan salè ak taks sou pewòl yo. An plis, anplwaye yo pou moun elijib ki bezwen prete a pa p konsidere kòm si yo sete anplwaye founisè sèvis pewòl la oswa PEO a yo te ye.

11. **Kesyon:** Eske moun ki ap prete yo ka aksepte siyati nan men yon grenn moun ki otorize pou siyen nan plas moun ki bezwen prete a?

Repons: Wi. Sepandan, moun ki bezwen prete a ta dwe konsève nan lespri li ke, jan Fòm Aplikasyon Moun ki bezwen prete a endike, sèlman yon reprezantan otorize biznis lan ki ap chèche yon prè kapab siyen pou reprezante biznis lan. Siyati yon moun kòm yon “Reprezantan Otorize pou Aplikan an” se demonstrasyon pou moun ki ap prete a ak pou gouvènman ameriken an ke siyatè a otorize pou prepare sètifika yo, ki enkli nan sa ki gen pou wè ak aplikan an ak chak pwopriyete 20% oswa plis nan lajan aplikan an, te fè pati Fòm Aplikasyon Moun ki bezwen prete a. Moun ka p prete a ka konte sou reprezantasyon sa epi aksepte siyati yon grenn moun sou baz sa.

12. **Kesyon:** Mwen bezwen fè demann yon prè pou sipòte operasyon ti biznis mwen an dapre sitiyasyon ensètitud nan ekonomi aktyèl la. Sepandan, mwen te plede koupab pou yon krim grav sa genyen anpil tan. Eske mwen toujou ka elijib pou PPS a?

Repons: Kalifikasyon pou PPP a vinn pi plis. Yon biznis pa elijib akòz istwa kriminèl yon pwopriyete sèlman si gen yon pwopriyete ak 20 pousan oswa plis nan kapital aplikan an:

- jounen jodi a twouve l nan prison oswa, pou nenpòt enfraksyon, twouve l anba yon akizasyon, ankèt kriminèl, konparasyon, oswa lòt mwayen pou pòte akizasyon kriminèl fòmèl devan nenpòt ki jiridiksyon; oswa
- te kondane, te plede koupab oswa nolo contender, oswa kòmanse nenpòt ki fòm libète sou kondisyon oswa pwobasyon (ki gen ladan pwobasyon anvan jijman) pou, yon krim ki gen fwod, peye anba tab, detounman fon, oswa yon fo deklarasyon nan yon aplikasyon prè oswa yon aplikasyon pou asistans finansye federal nan dènye senk ane yo oswa pou nenpòt lòt krim nan dènye ane a.

13. **Kesyon:** Eske moun k ap prete yo gen pèmasyon pou itilize pwòp aksè anliy yo ak fòm elektwonik yo ke yo kreye pou yo kolekte menm enfòmasyon ak sètifika sa yo jan yo ye nan Fòm Aplikasyon Moun ki bezwen prete a, yon fason pou konplete enplemantasyon aksè anliy pou yo?

Repons: Wi. Moun k ap prete yo ka itilize pwòp sistèm anliy yo ak yon fòm yo te etabli ki mande pou menm enfòmasyon an (itilize menm langaj la) ki nan Fòm Aplikasyon Moun ki bezwen prete a. Moun k ap prete a toujou gen obligasyon pou voye done yo bay SBA atravè entèfas SBA a.

14. **Kesyon:** Ki peryòd tan moun ki bezwen prete yo ta dwe itilize pou detèmine kantite anplwaye yo ak kou pewòl yo pou kalkile montan maksimòm pou prè yo a?

Repons: An jeneral, moun ki bezwen prete yo kapab itilize done oubyen apati dènye 12 mwa yo oswa apati kalandriye ane fiskal 2019 la pou kalkile montan total pewòl yo. Pou biznis sezonye yo, aplikan an ka itilize mwayèn pewòl mansyèl pou peryòd ant 15 Fevriye, 2019, oswa 1e Mas, 2019, ak 30 Jen, 2019. Yon aplikan ki pa te nan biznis soti 15 Fevriye, 2019 rive 30 Jen, 2019 ka itilize mwayèn kou pewòl mansyèl pou peryòd 1e

Janvyè 2020 rive 29 Fevriye, 2020.

Moun ki bezwen prete yo ka itilize mwayèn anplwa yo sou menm peryòd tan yo pou detèmine kantite anplwaye yo, nan objektif pou aplike prensip dimansyon ki baze sou anplwaye a. Altènativman, moun ki bezwen prete yo ka chwazi pou itilize kalkil abityèl SBA a: kantite mwayèn anplwaye pandan peryòd peman yo nan 12 mwa ki pase yo nan kalandriye a avan dat aplikasyon pou prè a (oswa kantite mwayèn anplwaye pou chak jou nan peryòd peman yo ke biznis lan te operasyonèl, si li pa te operasyonèl pou 12 mwa yo).

15. **Kesyon:** Eske peman moun elijib ki bezwen prete bay yon kontraktè endepandan oswa yon pwopriyetè separe ta dwe enkli nan kalkil pou kou pewòl moun elijib ki bezwen prete a?

Repons: No. Tout montan ke yon moun elijib ki bezwen prete te peye bay yon kontraktè endepandan oswa pwopriyetè separe ta dwe eskli de kou pewòl biznis ki elijib la. Sepandan, yon kontraktè endepandan oswa yon pwopriyetè separe pral pou tèt pa li elijib pou yon prè anba PPP a, si li satisfè kondisyon ki aplikab yo.

16. **Kesyon:** Ki jan yon pretè ta dwe peye taks federal pou detèmine depans pewòl li yo pou rezon prè maksimòm lan, itilizasyon admisib nan yon prè PPP, ak kantite lajan yon prè ki ka padonnen?

Repons: Dapre Lwa a, kou pewòl yo kalkile sou yon baz global san konsidere (i.e., pa enkli soustraksyon oswa adisyon sou baz la) taks federal ki enpoze oswa retire, tankou posyon nan Lwa Kontribisyon Asirans Federal pou anplwaye ak anplwayè a (FICA) ak enpo sou revni ke yo oblije retire sou anplwaye yo. Kòm yon rezilta, depans pewòl yo pa redwi pa taks enpoze sou yon anplwaye ak oblije yo dwe kenbe pa patwon an, men depans pewòl pa enkli nan pati patwon an nan taks sou pewòl. Pa egzanp, yon anplwaye ki te touche \$4,000 pa mwa nan salè brut, ke yo retire \$500 nan taks federal, ta dwe konte kòm \$4,000 nan depans pewòl yo. Anplwaye a ta dwe resevwa \$3,500, epi \$500 ta dwe al jwenn gouvènman federal la. Sepandan, pewòl taks federal kote anplwaye a te enpoze sou \$4,000 salè eskli nan kou pewòl yo anba regleman an.³

17. **Kesyon:** Mwen te ranpli oswa apwouve yon aplikasyon prè ki baze sou vèsyon Regleman Enterimè Final PPP ki te pibliye 2 Avril, 2020. Eske mwen bezwen fè nenpòt aksyon ki baze sou dènye enstriksyon an nan Kesyon Moun Poze souvan yo (FAQs)?

³ Definisyon pou “depans pewòl” nan Lwa CARES la, 15 U.S.C. 636(a)(36)(A)(viii), eskli “taks ki enpoze oswa retire dapre chapit 21, 22, oswa 24 nan Kòd Revni Entèn 1986 pandan peryòd kouvèti a,” ki defini soti 15 Fevriye, 2020, rive 30 Jen, 2020. Jan sa dekri pi wo a, SBA entèprete ke lwa esklizyon sa vle di ke depans pewòl yo kalkile sou salè brit la, san retire taks federal ki enpoze sou anplwaye a oswa lajan ki soti sou anplwaye a. Kontrèman ak taks pewòl anplwayè a, kailte taks sa yo sou anplwaye a dabitid soti sou fòm yon rediksyon nan montan reyèl anplwaye a resevwa a; esklizyon yo apati definisyon kou pewòl yo vledi kou pewòl la pa ta dwe redui sou baz taks ki enpoze sou anplwaye a oswa montan ki retire sou anplwaye a. Entèpretasyon sa an koyerans avèk tèks nan deklarasyon lwa a epi sipòte objektif lwa pou asire travayè yo kontinye genyen salè ak anplwa. Pi lwen, akòz peryòd referans pou detèmine montan maksimòm prè a pral lajman oswa antyèman presede peryòd soti 15 Fevriye, 2020 rive 30 Jen, 2020 an, epi peryòd kote moun ki bezwen prete yo pral tonbe anba restriksyon yo sou itilizasyon otorize pou prè yo ka ale depase peryòd sa, nan sousi pou detèmine itilizasyon otorize pou prè yo ak montan nan prè yo ki pa p remèt, esklizyon legal sapral aplike nan sa ki konsène taks ki enpoze oswa retire nenpòt lè, pa sèlman pandan peryòd sa a.

Repons: Non. Moun ki bezwen prete ak moun k ap prete yo ka konte sou lwa, regleman, ak enstriksyon ki disponib nan moman apwopriye aplikasyon an. Sepandan, moun ki bezwen prete yo ki te deja soumèt aplikasyon pou prè yo ki pa te ko konplete ka revize aplikasyon yo sou baz klarifikasyon ki reflekte nan FAQ sa yo.

18. **Kesyon:** Eske prè PPP yo pou kliyan aktyèl yo konsidere kòm nouvo kont pou Prensip FinCEN CDD yo? Eske moun k ap prete yo oblije kolekte, sètifye, oswa verifye enfòmasyon pwopriyete benefisyè a pou respekte prensip obligasyon pou kliyan aktyèl yo?

Repons: Si prè PPS la ap fèt pou yon kliyan aktyèl epi enfòmasyon nesèsè yo te deja verifye, ou pa bezwen re-verifye enfòmasyon an.

Pi lwen toujou, si enstitisyon depozitè ki asire federalman yo ak bank kowoperativ ki asire federalman yo elijib pou patisipe nan pwogram PPS a pa te deja kolekte enfòmasyon dwa pwopriyete benefisyè pou kliyan aktyèl yo, enstitisyon sa yo pa bezwen kolekte ak verifye enfòmasyon dwa pwopriyete benefisyè a pou kliyan sa yo k ap aplike pou nouvo prè PPS yo, sof si sa endike otreman pa apwòch ki baze sou risk moun k ap prete a pou respekte BSA.⁴

19. **Kesyon:** Eske moun ki ap prete gen pou yo itilize nòt angajman SBA a oswa yo ka itilize pwòp nòt pa yo?

Repons: Moun ki ap prete yo ka itilize pwòp nòt angajman pa yo oswa yon fòm SBA pou not angajman an.

20. **Kesyon:** Montan ki pap remèt nan prè PPP a depann de depans pewòl moun ki bezwen prete a sou yon peryòd uit-semèn oswa 24 semèn; lè peryòd uit-semèn oswa 24 semèn sa kòmanse?

Repons: Peryòd uit-semèn oswa 24-semèn lan kòmanse nan dat kreditè w la fè yon debousman nan prè PPP a bay moun kap prete lajan an. Kreditè a dwe debouse prè a pa pita pase 10 jou kalandriye apati apwobasyon prè a.

Lwa 2020 sou Fleksibilite Pwogram pou Pwoteksyon Salè a, ki te vin lwa nan dat 5 jen 2020, pwolonje peryòd ki kouvri pou padon prè soti a soti nan uit semèn apre dat debousman prè rive 24 semèn apre dat debousman prè a, sa k bay yon pil ak pakèt fleksibilite pou moun ki prete lajan kalifye pou padon prè. Peryòd 24 semèn lan valab pou tout moun ki prete lajan yo, men moun ki prete ki te resevwa yon nimewo prè SBA anvan

⁴ Kesyon 2 - 18 pibliye 6 Avril, 2020. Kesyon 12 revize 25 jen 2020. Premye FAQ 12 lan te konsa:
Kesyon: Mwen bezwen fè demann yon prè pou sipòte operasyon ti biznis mwen an nan sitiyasyon ensètitud ekonomik jounen jodi a. Sepandan, mwen te plede koupab pou yon krim grav sa genyen anpil tan. Eske mwen toujou elijib pou PPS la?
Repons: Wi. Biznis sèlman pa elijib si yon pwopriyete 20% oswa plis nan kapital aplikan an twouve l pou kounye a dèyè bawo, nan pwobasyon, oswa libète sou pawòl; sèptèm pou l anba yon kondanasyon, investigasyon kriminel, ak akizasyon, oswa lòt mwayen ki sèvi pou pote akizasyon fòmèl nan nenpòt jiridiksyon; oswa, nan dènye senk ane yo, te kondane, pou nenpòt kalite krim; te plede koupab; te plede pa fè opozisyon; te plase nan detansyon pwovizwa; oswa te plase nan nenpòt fòm libète sou pawòl oswa pwobasyon (ki gen ladann pwobasyon avan jijman).

5 jen 2020 gen opsyon pou yo itilize yon peryòd uit semèn.⁵

21. **Kesyon:** Eske moun ki ap prete yo bezwen yon dokiman Otorizasyon SBA separe pou emèt prè PPP yo?

Repons: Non. Yon moun ki ap prete pa bezwen yon Otorizasyon SBA separe pou garanti yon prè PPP. Sepandan, moun ki ap prete a dwe te konplete Fòm 2484 SBA (Fòm Aplikasyon Moun ki ap prete pou Pwogram Pwoteksyon Salè a)⁶ pou emèt prè PPS yo epi resevwa yon nimewo prè pou chak prè PPS yo prepare. Moun ki ap prete yo ka enkli nan nòt angajman yo pou prè PPS yo tout tèm ak kondisyon yo, ki enkli fè referans ak amòtisman ak divilgasyon, ki pa respekte Seksyon 1102 ak 1106 nan Lwa CARES la, Prensip ak enstriksyon Enterimè Final PPS, ak Fòm 2484 SBA a.

22. **Kesyon:** Mwen se pa yon bank ki ap prete men ki satisfè tout kritè ki aplikab pou Prensip Enterimè Final PPS la. Eske mwen pral anwole otomatikman kòm yon moun ki ap prete nan PPS? Ki kritè SBA ak Depatman Trezò a pral itilize pou evalye si y ap apwouve aplikasyon mwen an pou patisipe kòm yon moun ki ap prete nan PPS?

Repons: Nou ankouraje moun ki ap prete yo ki aktyèlman pa 7(a) moun ki ap prete pou yo aplike pou yo ka ogmante kantite opsyon pou prè yo nan PPP ak vitès pou debousman prè PPP yon fason pou ede ti biznis yo nan tout Etazini. Nou rekonèt ke solisyon teknoloji finansye yo ka fè pwomosyon efikasite ak enklizyon finansye nan enplemantasyon PPS la. Aplikan yo ta dwe soumèt Fòm 3507 SBA a ak tout atachman ki nesèsè yo nan NFRLApplicationForPPP@sba.gov. Soumisyon Fòm 3507 SBA a pa bay enwolman otomatik kòm rezilta nan PPS la. SBA ak Depatman Trezò pral evalye chak aplikasyon soti nan youn ki pa bank oswa enstitisyon depozitè ki ap prete ki pa asire epi detèmine si aplikan an gen kalifikasyon nesèsè yo pou trete, debouse, ak bay sèvis prè PPP ki fèt avèk garanti SBA. SBA ka mande aplikan an enfòmasyon adisyonèl avan yo pran yon desizyon.

23. **Kesyon:** Kijan plafon \$10 milyon a ak prensip afilyasyon yo travay pou franchiz yo?

Repons: Si yon mak franchiz sou lis Repètwa Franchiz SBA a, chak nan franchiz li yo ki satisfè prensip dimansyon aplikab la ka aplike pou yon prè PPS. (Franchizè a pa aplike pou benefisyè franchiz yo.) Plafon \$10 milyon sou prè PPS yo se yon limit pou chak antite ki benefisyè franchiz, epi chak benefisyè franchiz limite a yon prè PPS.

Mak franchiz yo ki pa te jwenn benediksyon pou parèt nan Repètwa a akòz afilyasyon ant franchizè a ak benefisyè franchiz la ka oblije parèt nan lis la pou resevwa prè PPS yo. SBA pa pral aplike prensip afilyasyon yo pou yon mak franchiz ki oblije parèt nan Repètwa a pou patisipe nan PPS a, men SBA pral konfime ke mak la otreman elijib pou parèt nan Repètwa a.

⁵ Kesyon 19 - 20 pibliye 8 Avril, 2020. Kesyon 20 revize 25 jen 2020. Premye FAQ 20 an te konsa:

Kesyon: Montan ki pap remèt nan prè PPP a depann de depans pewòl moun ki bezwen prete a sou yon peryòd uit-semèn; kilè peryòd uit-semèn sa kòmanse?

Repons: Peryòd uit-semèn lan kòmanse nan dat moun k ap prete a fè premye debousman nan prè PPS la pou moun ki bezwen prete a. Kreditè a dwe fè premye debousman sou prè a pa pita pase dis jou ouvrab apati dat prè a te apwouve a.

⁶ Obligasyon sa se responsablite yon kreditè lè kreditè a fini pwosesis soumisyon yon prè atravè sistèm ETran; li pa obligatwa pou transmèt oswa pou kenbe yon kopi fizik Fòm 2484 la.

24. **Kesyon:** Kijan plafon \$10 milyon an ak prensip afilyasyon yo travay pou otèl ak restoran yo (ak nenpòt biznis ki resevwa yon kòd nan Sistèm Klasifikasyon Endistri Amerik Dinò (NAICS) ki kòmanse avè 72)?

Repons: Dapre Lwa CARES la, nenpòt grenn antite biznis ki te resevwa yon kòd NAICS ki kòmanse avè 72 (ki enkli otèl ak restoran yo) epi ki pa anplwaye plis pase 500 anplwaye nan chak lokasyon fizik yo elijib pou resevwa yon prè PPP.

An plis, prensip afilyasyon SBA yo (13 CFR 121.103 ak 13 CFR 121.301) pa aplike pou biznis antite ki te resevwa yon kòd NAICS ki kòmanse avèk 72 epi ki pa anplwaye plis pase yon total de 500 anplwaye. Kòm rezilta, si chak lokal otèl oswa restoran ke biznis prensipal la posede se yon antite biznis legal separe, chak lokal otèl oswa restoran ki pa anplwaye plis pase 500 anplwaye gen pèmasyon pou aplike pou yon prè PPS separe depi li itilize yon EIN pèsònèl.

Limitasyon montan maksimòm prè pou \$10 milyon an aplike pou chak biznis antite ki elijib, paske antite biznis endividyèl yo pa ka aplike pou plis pase yon prè. Egzanp suivan yo ilistre kijan prensip sa yo aplike.

Egzamp 1. Konpayi X direktman posede plizyè restoran epi pa gen okenn afilye.

- Konpayi X ka aplike pou yon prè PPS si li anplwaye 500 oswa mwens anplwaye nan chak lokasyon li (sa ki enkli katye jeneral li), menm si kantite total anplwaye yo travès tout lokasyon yo depase 500.

Egzamp 2. Konpayi X posede totalman Konpayi Y ak Konpayi Z (kòm rezilta, Konpayi X, Y, ak Z tout se afilye youn lòt). Konpayi Y ak Konpayi Z chak posede yon restoran avèk 500 oswa mwens anplwaye.

- Konpayi Y ak Konpayi Z chak ka aplike pou yon prè PPP separe, paske chak genyen 500 oswa mwens anplwaye. Prensip afilyasyon yo pa aplike, paske Konpayi Y ak Konpayi Z chak genyen 500 oswa mwens anplwaye epi yo nan biznis sèvis manje (avèk yon kòd NAICS ki kòmanse avèk 72).

Egzamp 3. Konpayi X posede totalman Konpayi Y ak Konpayi Z (kòm rezilta, Konpayi X, Y, ak Z tout se afilye youn lòt). Konpayi Y posede yon restoran avèk 400 anplwaye. Konpayi Z se yon konpayi konstriksyon avèk 400 anplwaye.

- Konpayi Y elijib pou yon prè PPS paske li genyen 500 oswa mwens anplwaye. Prensip afilyasyon yo pa aplike, paske Konpayi Y genyen 500 oswa mwens anplwaye epi yo nan biznis sèvis manje (avèk yon kòd NAICS ki kòmanse avèk 72).
- Renonse pou prensip afilyasyon an pa aplike pou Konpayi Z, paske Konpayi Z se nan endistri konstriksyon. Dapre prensip afilyasyon SBA yo, 13 CFR 121.301(f)(1) ak (3), Konpayi Y ak Konpayi Z se afilye youn lòt paske yo anba kontwòl menm Konpayi X, ki posede toude konpayi antyèman. Sa vledi ke dimansyon Konpayi Z la detèmine nan ajoute anplwaye li yo ak sila yo nan Konpayi X ak Y. Sepousa, Konpayi Z konsidere tankou li genyen plis pase 500 anplwaye, ansanm ak afilye li yo. Sepandan, Konpayi Z ka elijib pou resevwa yon prè PPS kòm yon dosye ti biznis si li, ansanm avèk Konpayi X ak Y, satisfè lòt prensip dimansyon yo ki aplikab,” jan li eksplike nan FAQ #2.

25. **Kesyon:** Eske enfòmasyon moun ki ap prete yo oblije kolekte apati aplikan PPS yo konsènan chak pwopriyetè ki genyen 20% oswa plis aksyon dwa pwopriyete nan biznis ki ap aplike a (i.e., non pwopriyetè, tit, % pwopriyete, TIN, ak adrès) satisfè obligasyon moun ki ap prete a pou kolekte enfòmasyon pwopriyete benefisyè a (ki genyen yon limit 25% dwa pwopriyete) dapre Lwa Dwa Sekrè Bank la?

Repons:

Pou moun k ap prete kliyan aktyèl yo: Nan sa ki gen pou wè a kolektè enfòmasyon sou dwa pwopriyete pou pwopriyetè ki genyen 20% oswa pi gran enterè dwa pwopriyete, si prè PPS a ap fèt pou yon kliyan aktyèl epi moun ki ap prete a te deja verifye enfòmasyon nesèsè a, moun ki ap prete a pa bezwen re-verifye enfòmasyon an. Pi lwen toujou, si enstitisyon depozitè ki asire federalman yo ak bank kowoperativ ki asire federalman yo elijib pou patisipe nan pwogram PPS a pa te deja kolekte enfòmasyon dwa pwopriyete benefisyè pou kliyan aktyèl yo, enstitisyon sa yo pa bezwen kolekte ak verifye enfòmasyon dwa pwopriyete benefisyè a pou kliyan sa yo k ap aplike pou nouvo prè PPS yo, sof si sa endike otreman pa apwòch ki baze sou risk moun k ap prete a pou respekte BSA.

Pou moun ki ap prete nouvo kliyan aktyèl: Pou nouvo kliyan yo, moun ki ap prete a kolekte enfòmasyon suivan yo apati tout moun natirèlman ki genyen 20% oswa plis aksyon dwa pwopriyete nan biznis aplikan an e sa pral konsidere pou satisfè obligasyon BSA aplikab yo ak regelman FinCEN ki gouvènè koleksyon enfòmasyon dwa pwopriyete benefisyè a: non pwopriyetè, tit, % pwopriyete, TIN, ak dat nesans. Si nenpòt enterè dwa pwopriyete 20% oswa plis nan biznis aplikan an se pou yon biznis oswa lòt antite legal, moun k ap prete yo pral bezwen kolekte enfòmasyon dwa pwopriyete apwopriye pou antite sa. Si ou genyen kesyon konsènan obligasyon an rapò ak dwa pwopriyete benefisyè, ale nan <https://www.fincen.gov/resources/statutes-and-regulations/cdd-final-rule>. Desizyon konsènan pi plis verifikasyon sou enfòmasyon dwa pwopriyete benefisyè a dwe kolekte apati nouvo kliyan ta dwe pran an konfòmite ak apwòch ki baze sou risk moun ki ap prete a pou respekte BSA.⁷

26. **Kesyon:** Regleman SBA oblije apwobasyon pa Komite Prensip Konduit SBA a (SCC) pou Asistans SBA, ki se pa asistans pou desaz, pou yon antite, si li se grenn pwopriyetè, patnè, ofisye, direktè, oswa pati prenan avèk 10 pousan oswa plis enterès: yon anplwaye aktyèl nan SBA, yon Manm Kongrè a, yon ofisye nome oswa anplwaye nan Reyinyon Konsèy SBA a oswa volontè SCORE, oswa yon manm fanmi nenpòt nan moun avan yo. Eske antite sa yo bezwen apwobasyon SCC a yon fason pou yo elijib pou yon prè PPS?

Repons: SCC a te otorize yon apwobasyon global pou prè PPS pou kalite antite sa yo yon fason pou SCC pa gen nesèsite pou pran plis aksyon nan pwogram PPS la.

27. **Kesyon:** Règleman SBA yo mande yon deklarasyon ekri sou absans objeksyon pa Depatman pètinan an oswa sèvis militè avan li founi okenn SBA Assistans, sof si se prè pou dezaz, pou yon antite, si li se grenn pwopriyetè, patnè, ofisye, direktè, oswa pati prenan avèk yon 10 pousan oswa plis enterè, oswa yon manm fanmi nenpòt nan moun avan yo, se yon anplwaye yon lòt Depatman oswa Ajans Gouvènman ki genyen yon nivo GS-13 omwen oswa ekivalan li. Eske obligasyon sa aplike pou prè PPS yo?

⁷ Kesyon 21 - 25 pibliye 13 Avril, 2020.

Repons: Non. SCC a te detèmine ke yon deklarasyon ekri sou absans objeksyon apati yon lòt Depatman oswa Ajans Gouvènman an se pa yon obligasyon pou prè PPS yo.

28. **Kesyon:** Eske yon moun ki ap prete otorize pou soumèt yon aplikasyon prè PPS nan SBA atravè E-Tran avan moun k ap prete a fin akonpli responsablite li pou revize dokimantasyon ak kalkil pou kou pewòl yo ki obligatwa moun ki bezwen prete a?

Repons: Non. Avan yon moun ki ap prete soumèt yon prè PPP atravè E-Tran, moun ki ap prete a dwe te kolekte enfòmasyon ak sètifika yo ki nan Fòm Aplikasyon Moun ki bezwen prete a epi moun ki ap prete a dwe te dejan akonpli tout obligasyon ki pibliye nan paragraf 3.b.(i)-(iii) nan Prensip Enterimè Final PPS la. Tanpri gade nan Prensip Enterimè Final la ak FAQ #1 an pou plis enfòmasyon sou responsablite moun ki ap prete a konsènan konfimasyon kou pewòl yo.

Moun ki ap prete yo ki pa te konprann ke etap sa yo obligatwa avan soumisyon E-Tran pa dwe retire aplikasyon ki te soumèt nan E-Tran avan 14 Avril, 2020, men dwe ranpli responsablite yo nan sa ki an rapò avèk aplikasyon sa yo pi vit posib e pa pita ke lè prè a abouti.⁸

29. **Kesyon:** Eske moun ki ap prete yo ka itilize kopi dokiman skane oswa E-siyati oswa E-konsantman ki otorize pa Lwa E-siyati a?

Repons: Wi. Tout moun ki ap prete PPS ka aksepte kopi skane aplikasyon ki siyen pou prè yo ak dokiman ki genyen enfòmasyon ak sètifika yo ki obligatwa sou Fòm 2483 SBA ak nòt angajman ki itilize pou prè PPS la. Adisyonèlman, moun ki ap prete yo ka aksepte tou nenpòt fòm E-konsantman oswa E-siyati ki respekte obligasyon yo nan Lwa sou Siyati Elektwonik yo nan Komès Global ak Nasyonal la (P.L. 106-229).

Si siyati elektwonik pa fezab, lè w ap resevwa yon siyati fizik alank san kontak anpèsòn, moun ki ap prete yo ta dwe suiv etap apwopriye yo pou asire pati apwopriye a te konplete dokiman an.

Enstriksyon sa pa ranplase obligasyon siyati yo dapre lòt lwa ki aplikab, sa ki enkli dapre regilatè federal prensipal moun ki ap prete yo.⁹

30. **Kesyon:** Eske yon moun ki ap prete kapab vann yon prè PPS nan yon mache segondè?

Repons: Wi. Yon prè PPS kapab vann nan yon mache segondè nenpòt moman apre prè a te fin debouse totalman. Yon vant sou mache segondè pou yon prè PPS pa gen obligasyon apwobasyon SBA. Yon prè PPS ki vann nan mache segondè gen 100% garanti SBA. Yon prè PPS ka vann nan mache segondè selon valè prensipal li oswa orabè valè nominal li.¹⁰

31. **Kesyon:** Eske biznis ke gran konpayi yo posede ki genyen sous adekwat likidite pou sipòte operasyon biznis yo san kanpe kalifye pou yon prè PPS?

⁸ Kesyon 26 - 28 pibliye 14 Avril, 2020.

⁹ Kesyon 29 pibliye 15 Avril, 2020.

¹⁰ Kesyon 30 pibliye 17 Avril, 2020.

Repons: An plis pou revize règleman afilyasyon aplikab yo pou detèmine elijiblité, tout moun ki bezwen prete dwe evalye bezwen ekonomik yo pou yon prè PPS dapre prensip ki etabli pa Lwa CARES la ak lwa yo nan moman aplikasyon pou prè a. Malgre Lwa CARES la abwoje obligasyon òdinè ke moun ki bezwen prete bwa nan enposiblité pou jwenn kredi lòt kote (jan sa defini nan seksyon 3(h) nan Lwa Ti Biznis la), moun ki bezwen prete yo dwe sèfifye ke rekèt prè PPP yo a se yon nesésité. Espesyalman, avan soumision yon aplikasyon PPP, tout moun ki bezwen prete yo ta dwe revize atantivamn sètifika obligatwa ke “ensètitud ekonomik [a]ktyèl la rann rekèt pou prè sa nesésé pou sipòte operasyon Aplikan an san kanpe.” Moun ki bezwen prete yo dwe founi sètifika sa an tout bòn fwa, nan konsidere aktivite biznis aktyèl yo ak abilite yo pou jwenn aksè nan lòt sous likidite sifizan pou sipòte operasyon yo san kanpe nan yon fason ki pa konsiderableman odetriman de biznis la. Pa egzanp, li pa evidan ke yon konpayi piblik avèk yon valè machand sibstansyèl ak aksè nan mache kapito yo pral gen posiblité pou founi sètifika obligatwa a an tout bòn fwa, epi kalte konpayi sa ta dwe pare pou demontre SBA, si yo mande sa, fondman pou sètifika li a.

Moun ki ap prete yo ka konte sou sètifika moun ki bezwen prete a konsènan nesésité rekèt pou prè a. Nenpòt moun ki bezwen prete ki aplike pou yon prè PPS avan piblikasyon enstriksyon sa epi repeye prè a okonplè rive 7 Me, 2020 pral konsidere pa SBA ke yo te founi sètifika obligatwa a an tout bòn fwa.¹¹

32. **Kesyon:** Eske depans lajan oswa alokasyon pou lwaye pou yon anlwaye kòm yon pati nan konpansasyon konte pou kou pewòl yo?

Repons: Wi. Depans pewòl enkli tout konpansasyon kach ki peye pou anlwaye, anba limit \$100,000 konpansasyon anyèl pa anlwaye a.

33. **Kesyon:** Eske genyen enstriksyon aktyèl pou ede aplikan PPS ak moun ki ap prete yo detèmine si plas rezidans prensipal rezidans yon anlwaye endividyèl se nan Etazini?

Repons: Aplikan PPS ak moun ki ap prete yo ka konsidere règleman IRS yo (26 CFR § 1.121- 1(b)(2)) lè y ap detèmine si plas rezidans prensipal rezidans yon anlwaye endividyèl se nan Etazini.

34. **Kesyon:** Eske pwodiktè agrikòl, fèmeye, pwopyetè gran bitasyon yo elijib pou prè PPS yo?

Repons: Wi. Pwodiktè agrikòl, fèmeye, ak pwopyetè gran bitasyon elijib pou prè PPS yo si: (i) biznis la genyen 500 oswa mwens anlwaye, oswa (ii) biznis lan rante nan prensip dimansyon sou baz revni, ki se yon mwayèn resèt anyèl \$1 milyon.

Adisyonèlman, pwodiktè agrikòl, fèmeye, ak pwopyetè gran bitasyon yo kapab kalifye pou prè PPS yo kòm yon dosye ti biznis si biznis yo satisfè SBA ak “prensip dimansyon altènativ.” “Prensip dimansyon altènativ: la aktyèlman se: (1) maksimòm valè global biznis lan pa depase \$15 milyon; epi (2) revni mwayen reyèl apre taks Federal sou revni (ki eskli tout defisi ki te pase) nan biznis la pou de ane fiskal konplè avan dat aplikasyon an pa depase \$5 milyon.

¹¹ Kesyon 31 pibliye 23 Avril, 2020.

Pou tout kritè sa yo, aplikan an dwe enkli afilyasyon nan kalkil li yo. [Lyen](#) pou Preinsip Afilyasyon Aplikab yo pou PPP a.

35. **Kesyon:** Eske koperativ agrikòl ak lòt fòm yo ka elijib pou resevwa prè PPP yo?

Repons: Depi lòt obligasyon elijiblite PPS yo satisfè, ti koperativ agrikòl yo ak lòt koperativ yo ka resevwa prè PPS yo.¹²

36. **Kesyon:** Pou detèmine elijiblite moun ki bezwen prete anba 500-anplwaye oswa lòt limitasyon aplikab ki etabli nan Lwa CARES la, eske yon moun ki bezwen prete dwe konte tout anplwaye yo oswa sèlman anplwaye ekivalann aplentan yo?

Repons: Nan objektif elijiblite pou prè, Lwa CARES la defini tèm anplwaye a pou li enkli “moun ki anplwaye aplentan, tan pasyèl, oswa lòt baz.” Kidonk yon moun ki bezwen prete dwe kalkile kantite total anplwaye yo, sa ki enkli anplwaye atan pasyèl, lè y ap detèmine kantite anplwaye yo nan objektif pou limitasyon elijiblite. Pa egzanp, si yon moun ki bezwen prete genyen 200 anplwaye aplentan epi 50 anplwaye atan pasyèl ki chak ap travay 10 èdtan pa semèn, moun ki bezwen prete a genyen yon total 250 anplwaye.

Pa kont, pou objektif pa repeye prè a, Lwa CARES la itilize prensip “ekivalan anplwaye aplentan” an pou detèmine nan ki limit montan prè a ki pap repeye a pral redwi sizoka ta gen rediksyon nan kantite anplwaye yo.¹³

37. **Kesyon:** Eske biznis ke konpayi prive yo posede ki genyen sous adekwat likidite pou sipòte operasyon biznis yo san kanpe kalifye pou yon prè PPS?

Repons: Gade repons pou FAQ #31.¹⁴

38. **Kesyon:** Seksyon 1102 nan Lwa CARES la deklare ke prè PPS yo disponib sèlman pou aplikan yo ki te “ap opere nan dat 15 Fevriye, 2020.” Eske yon biznis ki te ap opere nan dat 15 Fevriye, 2020 men te gen yon chanjman pwopriyetè apre 15 Fevriye, 2020 elijib pou yon prè PPS?

Repons: Wi. Depi biznis lan te ap opere nan dat 15 Fevriye, 2020, si li satisfè lòt kritè elijiblite yo, biznis lan elijib pou aplike pou yon prè PPS kelkeswa chanjman ki te gen nan pwopriyetè a. An plis, kote genyen yon chanjman nan pwopriyetè ki te fèt atravè acha valè sibstansyè nan yon biznis ki te ap opere nan dat 15 Fevriye, biznis ki akèri valè yo pral elijib pou aplike pou yon prè PPS menmsi chanjman nan pwopriyetè a kreye yon nouvo nimewo idantifikasyon taks epi menmsi biznis ki vin posede l la pa t ap kòmanse opere jis apre 15 Fevriye, 2020. Si biznis ki vin akèri a te mentni operasyon yo avan vant biznis la, biznis ki akèri a ka konte sou istwa kou pewòl ak kantite anplwaye nan biznis avan vant la nan objektif pou aplikasyon PPS li a, eksepte kote biznis avan vant lan te aplike epi resevwa yon prè PPS. Adminsitratè a, an konsiltasyon avèk Sekretarya a, te detèmine ke obligasyon pou ke yon biznis “t ap opere nan dat 15 Fevriye, 2020” an ta dwe aplike sou baz reyalite ekonomik operasyon biznis la.

¹² Kesyon 32 - 35 pibliye 24 Avril, 2020.

¹³ Kesyon 36 pibliye 26 Avril, 2020.

¹⁴ Kesyon 37 pibliye 28 Avril, 2020.

39. **Kesyon:** Eske SBA revize dosye endividyèl prè PPS yo?

Repons: Wi. Nan FAQ #31, SBA te raple tout moun ki bezwen prete sètifika enpòtan ki obligatwa pou jwenn yon prè PPS. Pou pi byen asire prè PPS yo limite ak moun elijib ki bezwen prete ki gen bezwen, SBA a te deside, an konsiltasyon avèk Depatman Trezò a, ke li pral revize tout prè yo ki depase \$2 milyon, an plis lòt prè yo jan sa apwopriye, apre moun k ap prete a fin soumèt aplikasyon remèt prè moun ki bezwen prete a. Oryantasyon adisyonèl pou enplimante pwosedi sa pral pibliye pita.

Rezilta revizyon dosye prè SBA yo pa pral afekte garanti SBA pou okenn prè ke moun ki ap prete a te respekte obligasyon moun ki ap prete a ki tabli nan paragraf III.3.b(i)-(iii) nan Prensip Pwogram Pwoteksyon Salè a (2 Avril, 2020) pei ki pi byen eksplike nan FAQ #1.¹⁵

40. **Kesyon:** Eske montan prè PPS pou remèt pou yon moun ki bezwen prete (dapre seksyon 1106 nan Lwa CARES la ak prensip ak enstriksyon sou enplemantasyon SBA yo) dwe redui si moun ki bezwen prete a te ranvwaye yon anplwaye, te ofri pou reyanplwaye menm anplwaye a, men anplwaye a te rejte òf la?

Repons: Non. Pou egzèsè otorite Adminsitratè ak Sekretarya a anba Seksyon 1106(d)(6) nan Lwa CARES la pou preskri règleman ki akòde egzansyon minimal soti nan limit Lwa a sou remèt prè a, SBA ak Trezòri a gen entansyon pou pibliye yon prensip final enterimè ki eskli anplwaye revoke yo ke moun ki bezwen prete a te ofri pou reyanplwaye (pou menm salè/peman ak menm kantite lè yo) nan kalkil rediksyon pou remèt prè a nan Lwa CARES la. Règleman enterimè final la pral presize ke, pou kalifye pou egzansyon sa, moun ki bezwen prete a dwe te founi an tout bòn fwa, yon òf alekri pou reyanplwaye, ak refi anplwaye a pou òf da dwe dokimante pa moun ki bezwen prete a. Anplwaye ak anplwaye a ta dwe konnen ke anplwaye ki rejte òf pou reyanplwa a ka pèdi elijiblite pou kontinye resevwa konpansasyon pou pèt anplwa.

41. **Kesyon:** Eske yon anplwaye sezonye ki chwazi pou itilize yon peryòd 12-semèn ant 1 Me, 2019 ak 15 Septanm, 2019 kapab kalkile maksimòm montan prè li nan PPP anba prensip enterimè final ki te pibliye pa Trezòri a 27 Avril, 2020, ranpli tout sètifika obligatwa yo sou Fòm Aplikasyon Moun ki bezwen prete a?

Repons: Wi. Fòm Aplikasyon Moun ki bezwen prete a oblije aplikan yo pou yo sètifye ke “Aplikan an elijib pou resevwa yon prè dapre prensip yo ki efektif nan moman soumisyon aplikasyon sa ki te pibliye pa Administrasyon Ti Biznis (SBA) pou enplimante Pwogram Pwoteksyon Salè a.” Jou 27 Avril, 2020, Trezòri a te pibliye yon prensip enterimè final ki pèmèt moun ki bezwen prete kòm sezonye pou itilize yon peryòd debaz altènativ nan objektif pou kalkile montan prè ke yo elijib pou li anba PPS. Yon aplikan ki otreman pou respekte obligasyon SBA ki aplikab yo, epi ki respekte prensip enterimè final Trezòri asou travayè sezonye yo, pral konsidere elijib pou yon prè PPS dapre prensip SBA yo. Olye n suiv enstriksyon nan paj 3 sou Fòm Aplikasyon Moun ki bezwen prete pou peryòd tan an pou kalkile pewòl mwayèn mansyèl pou biznis sezonye yo, yon aplikan kapab chwazi pou itilize peryòd tan an nan prensip enterimè final Trezòri a sou travayè sezonye yo.

¹⁵ Kesyon 38 - 39 pibliye 29 Avril, 2020.

42. **Kesyon:** Eske lopital non likratif egzante de taks anba seksyon 115 nan Kòd IRS kalifye kòm “òganizasyon non likratif” anba seksyon 1102 nan Lwa CARES la?

Repons: Seksyon 1102 nan Lwa CARES la defini tèm “òganizasyon non likratif” kòm “yon òganizasyon ki dekri nan seksyon 501(c)(3) nan kòd Revni Entèn ane 1986 epi ki egzan de taks anba seksyon 501(a) nan kòd sa a.” Administratè a, an konsiltasyon avèk Sekretarya nan Trezòri a, konprann ke lopital non likratif yo egzan de taks anba seksyon 115 nan Kòd Revni Entèn yo espesyal paske anpil nan kalte lopital sa yo ka satisfè deskripsyon ki prezante nan seksyon 501(c)(3) nan Kòd Revni Entèn pou kalifye pou egzanpsyon taks anba seksyon 501(a), men ki pa te chè pou IRS rekonèt yo konsa paske otreman yo konplètman egzante de taks anba yon pwovizyon diferan nan Kòd Revni Entèn lan.

An konsekans, Administratè a pral trete yon lopital non likratif kòm egzante de taks anba seksyon 115 nan Kòd Revni Entèn la kòm yo rankontre definisyon pou “òganizasyon non likratif” dapre seksyon 1102 nan Lwa CARES la si lopital la rezonableman detèmine, nan yon dokiman ekri ki disponib nan lopital la, ke se yon òganizasyon ki dekri nan seksyon 501(c)(3) nan Kòd IRS epi pou sa tonbe nan kategori òganizasyon ki egzan de taks dapre seksyon 501(a).¹⁶ Sètifika lopital sou elijiblite sou Fòm Aplikasyon Moun ki bezwen prete apa kapab fè sa detèminasyon sa pa fèt. Apwòch sa ede akonpli objektif jiridik nan asire ke yon gran varyete moun ki bezwen prete, ki enkli antite ki ap ede pou dirije repons medikal pou pandemi ki ap kontinye a, kapab benefisye apati prè ki disponib anba PPS la.

Enstriksyon sa senpleman gen pou objektif pou kalifye kòm yon “òganizasyon non likratif” anba seksyon 1102 nan Lwa CARES la epi objektif yo ki konekte ak Lwa CARES la, epi pa genyen okenn konsekans sou objektif lwa taks federal yo. Lopital non likratif yo ta dwe revize tou tout lòt kritè elijiblite aplikab yo, ki enkli *Nòt Angajman yo sou Prensip Enterimè Final, Otorizasyon, Afilyasyon, ak Elijiblite* (28 Avril, 2020) konsènan yon limitasyon enpòtan sou dwa pwopriyete eta oswa gouvènman lokal yo. 85 FR 23450, 23451.¹⁷

43. **Kesyon:** FAQ #31 te raple moun ki bezwen prete yo pou yo revize atantivman sètifika obligatwa nan Fòm Aplikasyon Moun ki bezwen prete a ke “ensètitud ekonimik [a]ktyèl la rann rekèt pou prè sa nesèsè pou sipòte operasyon Aplikan an san kanpe.” Enstriksyon ak règleman yo deklare ke nenpòt moun ki bezwen prete ki aplike pou yon prè PPP avan 24 Avril, 2020 epi repeye prè a okonplè rive 7 Me, 2020 pral konsidere pa SBA ke yo te founi sètifika obligatwa a an tout bòn fwa. Eske li posib pou yon moun ki bezwen prete jwenn yon pwolongasyon rive 7 Me, 2020 nan dat repèman an?

¹⁶ Detèminasyon sa pa bezwen konsidere kondisyon oksilyè yo ki dekri nan seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn ak lòt kote ki asosye avèk sekirize egzanpsyon taks anba seksyon sa. Seksyon 501(r) deklare ke yon òganizasyon lopital pa pral trete jan li dekri nan seksyon 501(c)(3) sofsi li satisfè kèk obligasyon sante kominotè ak lòt. Sepandan, seksyon 1102 nan Lwa CARES la defini tèm “non likratif” la senpleman an referans ak seksyon 501(c)(3), ak seksyon 501(r) pa amande seksyon 501(c)(3). Sepousa, pou objektif PPS la, obligasyon yo nan seksyon 501(r) pa aplike pou detèmine si yon òganizasyon rantre nan “deskripsyon ki nan seksyon 501(c)(3).”

¹⁷ Kesyon 40 - 42 pibliye 3 Me, 2020.

Repons: SBA ap pwolonje dat repèman an pou bonjan sekirite rive 14 Me, 2020. Moun ki bezwen prete yo pa bezwen aplike pou pwolongasyon sa. Pwolongasyon an pral enplimante rapidman atravè yon revizyon nan prensip enterimè final SBA a pou founi bonjan sekirite. SBA gen entansyon founi enstriksyon adisyonèl sou fason li pral revize sètifika a avan 14 Me, 2020.

44. **Kesyon:** Kijan prensip afilyasyon SBA nan 13 C.F.R. 121.301(f) yo aplike nan zafè konte anplwaye a letranje yo oswa afilye Etazini yo?

Repons: Nan objektif prensip dimansyon 500 oswa mwens aplwaye yo, yon aplikan dwe konte tout anplwaye li yo ak anplwaye ki nan afilye Etazini yo ak etranje yo, nan absans yon renonsman oswa yon eksepsyon pou prensip afilyasyon yo. 13 C.F.R. 121.301(f)(6). Yon dosye biznis kap chèche kalifye kòm yon “dosye ti biznis” dapre seksyon 3 nan Lwa sou Ti Biznis, (15 U.S.C. 632) sou baz prensip dimansyon baze sou enplwaye dwe fèmenm bagay la.¹⁸

45. **Kesyon:** Eske yon anplwaye ki repeye prè PPP li a nan delè sekirite a (18 Me 2020) elijib pou Kredi Retansyon Anplwaye a?

Repons: Wi. Yon anplwaye ki te aplike pou yon prè PPP epi te resevwa pèman, epi repeye prè a nan limit delè sekirite a (18 me 2020) pral resevwa tretman tankou si anplwaye a pa te resevwa yon prè ki kouvri anba objektif PPP yo nan Kredi Retansyon Anplwaye a. Sepousa, anplwaye a pral elijib pou kredi a si anplwaye a otreman se yon anplwaye ki elijib pou objektif kredi a.¹⁹

46. **Kesyon:** Kijan SBA pral revize sètifika bòn-fwa ogligatwa pou moun ki bezwen prete a konsènan nesosite obligasyon sou prè yo a?

Repons: Lè yo ap soumèt yon aplikasyon PPS, tout moun ki bezwen prete yo dwe sètifye an tout bòn fwa ke “[e]nsètitud ekonomik aktyèl la rann rekèt pou prè sa yon nesosite pou sipòte operasyon Aplikan an san kanpe.” SBA, an konsiltasyon avèk Depatman Trezò a, te detèmine ke bonjan sekirite swivan an pral aplike pou SBA revize prè PPS yo nan sa ki gen pou wè ak pwoblèm sa: Tout moun ki bezwen prete ki, ansanm avèk afilye li yo,²⁰ te resevwa prè PPS avèk yon montan orijinal prensipal mwens ke \$2 milyon pral konsidere tankou yo te ranpli sètifika obligatwa a konsènan nesosite pou rekèt yon prè an bòn fwa.

SBA te detèmine ke bonjan aboutisman sa apwopriye paske moun ki bezwen prete yo avèk prè anba limit sa jeneralman gen mwens tandans pou te jwenn aksè nan sous likidite adekwat nan anviwònman ekonomik aktyèl la pase moun ki bezwen prete yo ki te jwenn pi gwo prè yo. Bonjan aboutisman sa pral ankouraje konfyans nan ekonomi an lè moun ki prete nan PPS avèk plis resous limite ka pran chans kenbe epi reyanplwaye anplwaye yo. An adisyon, etandone gwo volim prè PPS yo, apwòch sa pral bay SBA kapasite pou

¹⁸ Kesyon 43 - 44 pibliye 5 Me 2020.

¹⁹ Kesyon 45 ki te pibliye 6 me 2020; revize 27 me 2020 pou chanje dat ki soti nan “(14 Me 2020)” a “(18 Me 2020).”

²⁰ Pou rezon zòn sekirite sa, yon moun ki prete lajan dwe mete afilye li nan limit obligatwa yo dapre règ enterimè final sou afilye yo, 85 FR 20817 (15 Avril 2020).

konsève resous odit limite li yo epi fokis revizyon li yo sou pi gwo prè yo, kote efò konfòmite ka jenere pi gran rezilta.

Pi enpòtan, moun ki bezwen prete yo avèk prè pi gwo pase \$2 milyon ki pa satisfè bonjan aboutisman sa ka toujou genyen yon baz adekwat pou ranpli sètifika bòn-fwa a, sou baz sikonstans endividyèl yo dapre langaj ki nan sètifika a ak oryantasyon SBA. SBA avan sa te deklare ke tout prè PPS yo ki depase \$2 milyon, ak lòt prè PPP jan sa apwopriye, pral tonbe anba revizyon SBA pou konfòmite avèk obligasyon pwogram lan ki tabli nan Prensip Enterimè Final PPS a ak sou Fòm Aplikasyon Moun ki bezwen prete a. Si SBA detèmine pandan pwosesis revizyon li a ke moun ii bezwen prete a manke yon baz adekwa pou sètifika ki obligatwa a konsènan nesosite pou rekèt prè a, SBA pral chèche repèman pou balans prè PPS a ki rete a epi pral enfòmè moun ki prete a ke moun ki bezwen prete a pa elijib pou pa repeye prè a. Si moun ki bezwen prete a repeye prè a apre resepyon notifikasyon SBA a, SBA pa pral chèche ranfòsman administratif oswa referans lòt ajans ki baze sou detèminasyon li avèk respè pou sètifika konsènan nesosite pou rekèt pou prè a. Detèminasyon SBA a konsènan sètifika ki anrapò ak nesosite rekèt pou prè a pa pral afekte garanti prè SBA a.

47. **Kesyon:** Yon prensip enterimè SBA ki poste jou 8 Me, 2020 te deklare ke nenpòt moun ki bezwen prete ki aplike pou yon prè PPS epi repeye prè a okonplè rive 14 Me, 2020 pral konsidere pa SBA ke yo te ranpli sètifika ki obligatwa a konsènan nesosite pou rekèt prè a an tout bòn fwa. Eske li posib pou yon moun ki bezwen prete jwenn yon pwolongasyon rive 14 Me, 2020 nan dat repèman an?

Repons: Wi, SBA ap pwolonje dat repèman an pou bonjan aboutisman sa rive 18 Me, 2020, pou bay moun ki bezwen prete yo yon opòtinite pou revize ak konsidere FAQ #46 la. Moun ki bezwen prete yo pa bezwen aplike pou pwolongasyon sa. Pwolongasyon an pral enplimante rapidman atravè yon revizyon nan prensip enterimè final SBA a pou founi bonjan aboutisman.²¹

48. **Kesyon:** Ki dat limit pou kreditè yo konplete pwosesis rapò premye SBA Fòm 1502 a?

Repons: SBA ap pwolonje dat limit pou kreditè yo soumèt premye fòm SBA 1502 a. Selon dènye règ pwovizwa SBA a sou debousman, ki te afiche nan dat 28 avril 2020, kreditè dwe debouse prè PPP yo nan lespas 10 jou almannak apre apwobasyon prè a; yo konsidere yon prè apwouve lè SBA bay prè a yon nimewo prè. Règ pwovizwa final la tou prevwa kreditè ap anile prè pou ki lajan yo pa te debouse paske moun ki prete lajan pa soumèt dokiman obligatwa pou prè nan lespas 20 jou kalandriye apre apwobasyon prè a.²² Anvan sa, dat limit pou kreditè soumèt premye Fòm 1502 SBA pou rapòte enfòmasyon te 22 me 2020.²³ SBA ap pwolonje dat limit pou kreditè yo telechaje sou entènèt Fòm 1502 SBA pou rapòte enfòmasyon pa pita pase: (1) 29 me 2020, oswa (2) 10 jou kalandriye apre debousman oswa anilasyon prè PPP a. Pwolonjman delè sa pou premye SBA Form 1502 pou rapòte enfòmasyon an pral aplike san pèdi tan atravè revizyon règ pwovizwa final SBA a ki bay

²¹ Kesyon 46 – 47 pibliye 13 Me, 2020.

²² 85 FR 26321, 26322-23.

²³ 85 FR 29845, 29846.

yon ekstansyon pou zòn sekirite sètifikasyon an ak dat limit pou rapò Fòm 1502 SBA.²⁴

49. **Kesyon:** Ki dat matirite yon prè PPP?

Repons: Si yon prè PPP resevwa yon nimewo prè SBA nan dat 5 jen 2020 oswa apre, prè a gen yon matirite senk ane. Si yon prè PPP te resevwa yon nimewo prè SBA anvan, 5 jen 2020, prè a gen yon matirite de ane, sof si moun ki prete lajan an ak kreditè deside ansanm yo dakò pou yon ekstansyon dire prè a pou senk ane. Biyè a òd pou prè PPP a ap bay dire prè a.²⁵

50. **Kesyon:** Ki konsekans lè w peye oswa peye frè yon ajan oswa lòt twazyèm pati gen sou garanti peman frè bay kreditè pou yon prè PPP oswa SBA?

Repons: Peye oswa pa peye frè yon ajan oswa yon lòt twazyèm pati pa gen enpòtans pou garanti peman frè bay kreditè pou yon prè PPP oswa pou SBA. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou frè sa yo nan paragaf III.4.c nan premye règleman pwovizwa Pwogram pwoteksyon Salè a ([lyen](#)).

51. **Kesyon:** Èske ou oblije peye pou yo bawou avantaj swen sante pou gwoup, tankou prim asirans, san bliye avantaj medikal pou zye ak dan?

Repons: Wi.²⁶

52. **Kesyon:** Lwa 2020 sou Pwogram Pwoteksyon Salè sou Lwa sou fleksibilite (Lwa sou fleksibilite) pwolonje peryòd ranvwa a pou moun ki mande prete lajan peye sou kapital, enterè, ak frè sou tout prè PPP nan dat SBA remèt kantite lajan padon prè a prete lajan an bay kreditè a (oswa, si moun ki mande prete lajan pa aplike pou padon prè, 10 mwa aprè fen peryòd ranvwa ki kouvri padon prè moun ki mande prete a). Anvan sa, peryòd ranvwa a te kapab fini apre 6 mwa. Èske kreditè ak moun kap mande prete a oblije modifye biyè a òd yo itilize pou prè PPP yo reflekte pwolongasyon peryòd ranvwa a?

Repons: Ekstansyon peryòd ranvwa a anba Lwa sou Fleksibilite otomatikman aplike pou tout prè PPP yo. Kreditè yo oblije bay ekstansyon legal la efè obligatwa epi yo ta dwe avize moun ki mande prete yo sou chanjman nan peryòd ranvwa a. SBA pa mande pou yon modifikasyon fòmèl nan biyè òd la. Yon modifikasyon nan yon biyè òd pou reflekte peryòd ranvwa legal obligatwa anba Lwa sou Fleksibilite a pa pap gen okenn efè sou garanti SBA a nan yon prè PPP.²⁷

53. **Kesyon:** Poukisa gen kèk pretè PPP ki resevwa yon Kesyonè Nesosite Prè (Fòm SBA 3509 oswa 3510)?

Repons: Jan sa te deja anonse, SBA ap revize tout prè \$ 2 milyon oswa plis, ak lòt prè si nesese, pou kalifikasyon, fwod oswa abi, ak konfòmite avèk kondisyon pou padon prè. Nan kad pwosesis sa a, SBA ap bay pretè yo yon Kesyonè Nesosite Prè bay pou yo ka bay

²⁴ Kesyon 48 pibliye 19 Me 2020.

²⁵ Kesyon 49 pibliye 25 jen 2020.

²⁶ Kesyon 50 - 51 pibliye 11 out 2020.

²⁷ Kesyon 52 pibliye nan dat 7 oktòb 2020.

pretè PPP ki, ansanm ak afilye yo, te resevwa prè de \$2 milyon oswa plis.²⁸ Sou demann kredite yo, pretè yo ta dwe retounen kesyonè a ranpli bay kredite yo nan lespas 10 jou ouvrab apre yo resevwa li.

Enfòmasyon pretè yo bay sou kesyonè a pral ede SBA evalye sètifikasyon pretè sa yo nan aplikasyon prè yo ki di "[c] sitiyasyon ekonomik ensèten ki la kounye a fè demann prè sa a nesèsè pou sipòte fonksyonman Demandè a," jan yo mande sa nan Lwa CARES la.

Yon demann pou ranpli kesyonè nesèsite prè a pa vle di SBA ap rann difisil sètifikasyon yon pretè jan yo egzije sa nan Lwa CARES la. Evalyasyon SBA sou sètifikasyon pretè lajan an ap chita sou tout sikonstans pretè lajan an atravè yon analiz ki fèt sou plizyè faktè.. Jan yo esplike sa nan (Kesyon yo poze souvan) FAQ # 46, SBA ap evalye si wi ou non pretè lajan an te gen bon jan baz pou fè sètifikasyon bòn fwa yo egzije a, ki baze sou sikonstans pèsone li lè yo konsidere pawòl nan sètifikasyon an ak gid SBA a. Sètifikasyon sa a oblije fèt ak bòn fwa nan moman aplikasyon prè a, menm si devlopman annapre ki fèt apre prè a vin pa nesèsè ankò. Nan analiz li a, SBA ka konsidere sikonstans ak aksyon pretè lajan alafwa anvan ak apre sètifikasyon pretè lajan an nan limit sa kapab ede SBA decide si wi ou non pretè lajan an te fè sètifikasyon reglemantè obligatwa ak bòn fwa nan moman aplikasyon prè li a.

Apre yon pretè lajan soumèt kesyonè li ranpli, SBA ka mande plis enfòmasyon, si sa nesèsè, pou l fin fè analiz li an. Lè yo mande plis enfòmasyon, pretè yo ap gen yon opòtinite pou bay yon repons detaye bay SBA ki esplike sikonstans ki te founi baz pou sètifika nesèsite prè bòn fwa yo an. SBA ap pran yon desizyon final asavwa yon pretè te manke yon bon baz pou sètifikasyon nesèsite prè li apre li fin analize nenpòt lòt enfòmasyon yon pretè chwazi pou li soumèt. Metòd sible sou plizyè-etap sa a asire entegrite pwosesis evalyasyon an ak pwosesis rapid, epitou asiyen kòm sadwa resous limite SBA pou prè sa yo ki egzije analiz adisyonèl.²⁹

²⁸ Gade [85 FR 20817](#) (15 avril 2020) konsènan aplikasyon règleman afilyasyon SBA yo.

²⁹ Kesyon 53 pibliye nan dat 9 desanm 2020.